

# TATA PANGIBADAH MINGGU PRA PASKAH V

21 MARET 2021

Gedung Induk Paprangan & Papanthan Nologaten

**GEREJA KRISTEN JAWA AMBARRUKMA**

(Warna Liturgis Ungu, Simbol Ikan / Ichtus)

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. Liturgos : Lumebet dhateng altar lan nyumet lilin utami warni pethak ingkang paling inggil, kalajengaken mbikak pangibadah.

“Bapak, Ibu, lan Para Sadherek ingkang kinasih wonten ing Gusti, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh lan sugeng nindakaken pangibadah wonten wekdal punika, semanten ugi tumrap pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten dalemipun piyambak-piyambak lumantar paladosan pangibadah live streaming Greja.

Saderengipun pangibadah kita wiwiti, kula nyuwun kawigatosan sawetawis awit badhe kula waosaken saperangan pawartos Greja ingkang wigatos wonten wekdal punika. **(Maosaken pawartos ingkang penting...)**.

Mekaten pawartos dinten minggu punika lan jangkeping pawartos saged dipun waos wonten ing pawartos *on-line* Multimedia Gereja.

Pasamuwan kinasih, sumangga pangibadah wonten ing wekdal punika kita purwakani kanthi bingahing manah, suwawi kula aturi jumeneng, lan ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 385** (*tigangatus wolung dasa gangsal*) **“Srengenge Nyunar”** (dipun kidungaken kaping kalih)

Srengenge nyunar kanthi mulya; manuke ngoceh klawan rena;  
angine midit ana ing wiwitan; kewane bebungah ing pasuketan.

Kabeh padha muji Allah kang loma; kabeh padha muji Allah kang loma.

**Kidung kawiwitan, Imam lumebet dhumateng altar, lajeng nyumet lilin ungu cacah 5 kalajengaken masrahaken Alkitab dhumateng Pengkotbah.**

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan** (*Pasamuwan Jumeneng*)

Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :

Sadaya : **Pitulungan kawula pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**A min, A min, A min.**

**(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)**

4. **Lektor : maosaken Sabda Introitus : Yeremia 31 : 31 - 34** (*Pasamuwan Lenggah*)  
Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**  
Jemaat : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. **Liturgos** : “Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita raos-raosaken pangandikanipun Gusti, bilih sadaya kalepatan kita mboten badhe dipun enget-enget malih menawi kita saged wanuh kaliyan Gusti. Sumangga, kanthi sukarenaning manah, kita sami memuji asmaning Pangeran Yehuwah, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 69, pada 1 lan 4** (*suwidak sanga pada setunggal lan sekawan*) “**Allah Mahakwasa Jumeneng Pamarta**”

- |   |  |
|---|--|
| <p>(1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,<br/>sestu gung tresnanya, angruwat dosa.<br/>Salir tyang pracaya lamun tansah setya<br/>luwar sing antaka, mlebet mring swarga.</p>             | <p><u>Refr:</u><br/>Sung sembah puja konjuk Sang Rama,<br/>kang paring nugraha tentrem raharja.<br/>Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,<br/>kang sampun nyawisi kamulyan swargi.</p> |
| <p>(4) Pangéran murbénggrat nglubèrken sih-rahmat, mbélani tyang leres saking panindhes.<br/>Nunggil tyang pracaya temahan santosa, kuwawa ngasorken salir panggodha.....<u>Refr:</u></p> |  |

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Yokanan 13 : 34 - 35**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Bapak, Ibu, tuwin para Sadherek kinasih, Gusti mboten nate nilaraken kita sadaya, satemah saben-saben kita dipun emutaken supados netepi pepakonipun, inggih punika sami tresnan tinresnanan dhumateng sesami. Ananging, sinaosa mekaten, kita dereng saged netepi lan mujudaken punapa ingkang dados karsanipun. Pramila sumangga kita cawisaken manah lumebet ing panelangsan kita awit sedaya kalepatan ingkang kita tindakaken. Kita repenaken **Kidung Lami 131, pada 1 lan 2** (*satus tigangdasa setunggal pada setunggal lan kalih*) “**Gusti Mugi Sampun Langkung**”

- |  |  |
|--|--|
| <p>(1) Gusti mugi sampun ngantos<br/>Nglangkungi ulun<br/>Tyang sanes antuk sih Tuwan<br/>Kula nggih nyuwun<br/>Gusti mugi sampun alangkung<br/>Tyang sanes antuk sih Tuwan<br/>Kula nggih nyuwun.</p> | <p>(2) Gusti mugi myarsakaken<br/>Pasambat mami<br/>Sinten malih ingkang kenging<br/>Kula sambati<br/>Gusti mugi sampun alangkung<br/>Tyang sanes antuk sih Tuwan<br/>Kula nggih nyuwun.</p> |
|--|--|

8. **Imam: Pandonga Pamratobat**

**Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:**

“Dhuh Gusti murbeng jagad ingkang welas saha asih, kepareng kawula marek sowan wonten Ngarsa Paduka kanthi sedaya panandhang, awit dosa lan kalepatan ingkang sampun kawula tindakaken wonten ing pagesangan punika. Kawula taksih asring glirwakaken sedaya dhawuh Paduka, sinaosa kawula ngrumaosi bilih punika mboten dados karsa Paduka. Kawula taksih ngumukaken kesagedan kawula, kawula rumaos kiat, rumaos dados ingkang paling utami, lan nyepelekaken dhumateng tiyang sanes. Kawula kesupen bilih Paduka minangka kekiyatan ingkang tanpa upami, wonten ing gesang kawula. Pramila Gusti, kawula nyuwun sih wilasa Paduka awit sadaya ingkang sampun kawula tindakaken lan mboten dados karsa Paduka. Sucekaken gesang kawula lan Paduka pulihaken malih satemah kawula saged migatosaken lan nresnani sedherek-sedherek kawula. Atur pandonga punika kawula aturaken wonten Ngarsa Paduka linambaran Putra Paduka Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. **Pendeta : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : 1 Yokanan 2 : 2 - 6**

**10. Liturgos :** “Pasamuwan kinasih, pawartos sih rahmat lan pangatag-atag gesang anyar ngemutaken bilih Gusti sampun paring pangapunte ning dosa, lan nedahaken bilih kita kedah mawartosaken sedaya pakaryanipun Gusti. Kita sanggemi kanthi reponing **Kidung Pasamuwan Jawi 427, pada 1 lan 2** (*kawanatus pitulikur pada setunggal lan kalih*) **“Begja Sejati”**..... (*Pasamuwan kula aturi jumeneng*)

- |   |  |
|---|--|
| <p>(1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti,<br/>ye ku gesang kang pangaji.<br/>Dadya lantaran mrih karukunan,<br/>katentreman kelampahan.</p>            | <p><u>Refr:</u><br/>Mung Sang Kristus ye'ku Gusti,<br/>Panebus kula sejati<br/>Gesang kawula, kagem asmanya<br/>nggih martosken sih rahmatnya.</p> |
| <p>(2) Begja sanyata, gesang ne'ng donya, lelados mring Sang Pamarta.<br/>Dipun be'lani, sabar ing kardi, temah kalis ing bilahi.....<u>Refr:</u></p> |  |

**11. Wedharing Sabdanipun Gusti**

(*Pasamuwan Lenggah*)

- a) Pendeta : maosaken **YOKANAN 12 : 20 - 33**
- b) Pendeta : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Hosiana.**  
**Pasamuwan : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |**  
**Hosi- ana Hosi - ana Hosi - a - na**
- c) Tema : **“Katresnanipun Allah Nglangkungi Paukuman”**
- d) Tujuan : **Pasamuwan ngrumaosi bilih pangapunte ning dosa lan katresnanipun Gusti ndadosaken manungsa gesang wonten ing pakaryan kaslametaning Allah, kanthi iman lan pamratobat.**

**12. Imam : mimpin kempaling Pisungsung**

“Pasamuwan kinasih, sabda pangandikanipun Gusti sampun kabeper kanthi trawaca, bilih Gusti tresna dhumateng kita nglangkungi paukumanipun. Sumangga kita sami wujudaken wonten ing gesang padintenan. Bapak, Ibu, lan Sadherek kinasih, sumangga minangka pangucap sokur awit katresnanipun Gusti, kita aturaken pisungsung kanthi tetales saking **Jabur 107 : 1 – 2** (*satus pitu ayat setunggal lan kalih*), ingkang mekaten suraosipun: **“Padha saosa puji sokur marang Sang Yehuwah, awitdene Panjenengane iku sae. Ujer sih-susetyane iku langgeng ing salawase. Mangkono pangucap para wong kang padha katebus dening Yehuwah, kang ditebus saka ing pangwasae kang gawe susah.”**

Pisungsung wekdal punika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem penggalangan dana rumah emeritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken salah satunggaling kanthong.

Kempaling pisungsung kinanthen reponing **Kidung Pasamuwan Jawi 184** (*satus wolungdasa sekawan*) **“Syukur Akanthi Tulus”**

- |  |  |
|--|--|
| <p>Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.<br/>Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.<br/>Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.<br/>Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.</p> | <p>Mangkya kang ringkih dadya rosa;<br/>kang miskin dadya sugih.<br/>Sihé Gusti dadya nyata, yekti.<br/>Mangkya kang ringkih dadya rosa;<br/>kang miskin dadya sugih.<br/>Sihé Gusti dadya nyata yekti. Sukur!</p> |
|--|--|

13. **Pendeta : Pandonga Syukur lan Syafaat**

14. **Liturgos :** “Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti, sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli**, pasamuwan kula aturi jumeneng....

- a) **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**
- b) **Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.**
- c) **Inkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.**
- d) **Inkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.**
- e) **Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.**
- f) **Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,**
- g) **Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.**
- h) **Kawula pitados dhateng Roh Suci.**
- i) **Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.**
- j) **Punapa-dene pangapunte ning dosa.**
- k) **Tangnipun raga.**
- l) **Sarta gesang langgeng.**

15. **Pendeta : Paladosan Berkah**

16. **Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapa Pendeta ....., ugi sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika, inggih punika PPJ, organis, lektor, saha tim multimedia lan *live streaming*.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika, kondur kalayan nyuraosi sabdaning Gusti lan matrapaken wonten ing gesang padintenan. Kagem njagi kasarasaning gesang saking sadaya sesakit, sumangga kita tansah tertib matrapaken protokol kesehatan 5 M, memakai masker, mencuci tangan, menjaga jarak, menjauhi kerumunan, lan mengurangi mobilitas. Pangibadah katutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 125, pada 1 lan 3, (satus selawe pada setunggal lan tiga) “Lamun Kula Mlampah”**

- (1) Lamun kula mlampah neng margining Allah,  
kula sestu ngraosken bingah.  
Kula yakin estu, Gusti nuntun tamtu  
mring tyang kang pitados satuhu.
- Refr:  
Mung sawiji kabegjan sejati,  
nggih pitados mring Gusti  
wah manut lan bekti.
- (3) Iba begja kula, sajroning ginodha, kiniyatken dening sabdanya.  
Rineksa rinimat tan dhawah tan lesah, wit saking sih-rahmating Allah.....Refr:

17. **Liturgos :** “Sugeng dinten minggu, Gusti tansah paring berkah.”